

---

MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo  
Komite Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder  
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT: 7 décembre 2022

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat mercredi 7 décembre 2022. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Mary Skipper, Sirentandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



## SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

7 décembre 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
256 000\$	2023	Sibvansyon pou MassGrad	Nouvo	Yvonne Macrae	Arisk	8 Sit
1 000 000\$	2023	Kapital Konpetans Modènizasyon Laboratwa SCG	Nouvo	Francesca Brangman	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	Madison Park
100 000\$	2023	Sibvansyon Espesyal Olympics BPS UCCS	Nouvo	Avery Esdaile	Sante ak Byennèt	30 Sit
<b>1 356 000\$</b>		<b>Total</b>				

## FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23540

Non Sibvansyon: Sibvansyon Pratik ki Pwomèt nan MassGrad

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Non konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Septanm 2022 – 31 Out 2023

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Dr. Sidney Brown, Direktè  
75 Malcolm X Blvd  
Roxbury, MA 02120

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): 8 Lekòl Segondè

Jesyonè Fon BPS: Yvonne Macrae – ymacrae@bostonpublicschools.org

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae

Montan Anyèl Pri a **256 000\$**

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 256 000\$

Opsyon pou Repò a: Non

# elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 200

Sit yo: Boston Adult Academy, Boston Collaborative, Boston International, Brighton, CASH, Greater Egleston, Madison Park, & The English High

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

### **Deskripsyon Sibvansyon**

Sibvansyon an pral pèmèt yo reponn ak bezwen sosyal, emosyonèl, ak/oswa sante mantal elèv yo vize yo atravè:

- Modil “Kwasans Pèsònèl” BCHS mennen an patenarya avèk Sown to Grown
- BINCA – Kotch Fen Etid menm jan ak sipò akademik nan ane lekòl la ak nan tout lete a
- Brighton HS – mete an èv “Opsyon Aprantisaj Fleksib” siblan aprenan lang segonn two kredite ak sou-kredite yo.
- English HS – pakou altènatif pou jwenn kredi adisyonèl nesèsè pou jwenn diplòm
- Madison Park HS – patenarya ant Depatman Soutyen ak Elèv Lekòl yo e ak Pwogram Edikasyon, Aprè Lekòl ak Rezilyans (PEAR), Sociedad Latina ak Becoming a Man (BAM).
- Greater Egleston HS – devlopman kontini opsyon aprantisaj kontini mond reyèl ki egziste nan Zèv Atistik Kwizin, Antreprenarya, Lidèchip Elèv, Fotograf, Pwodiksyon Mizik ak ekspansyon Jadinaj pakou menwizri gras ak yon patenarya avèk Elliott School.
- Boston Adult Technical Academy – etabli patenarya avèk founisè pwogram ak ajans baze nan kominote yo nan objektif pou abòde rasin ki lakoz divès konpòtman nan lekòl ki mennen nan abandon.

## Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Alokasyon pou pwofesè ak anplwaye sipò yo  
Sèvis kontraktiyèl  
Founiti ak Materyèl  
Deplasman pou elèv ak anplwaye yo  
Teknoloji

### Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

*Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak Endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantre sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.*

**Objektif 1:** To prezans kotidyen an mwayèn (ADA) nan pral ogmante pou moun k ap patisipe nan pwogram nan a 3% pa rapò ak to prezans ane ki sot pase a.

**Endikatè:** Kontwòl chak mwa sou to ADA yo pou moun ki patisipe nan pwogram nan

**Objektif 2:** 80% nan moun ki patisipe nan pwogram nan pral ratrape kou avan yo ki obligatwa pou pwomosyon ak gradyasyon an dis 30 Jen 2019.

**Endikatè:** Reyisi fini ak pase kou ki obligatwa yo

**Objektif 3:** 100% nan elèv yo pral reponn ak egzijans MCAS oswa egzijans pòtfolyo MCAS yo pou gradyasyon.

**Endikatè:** Rezilta MCAS oswa detèminasyon pòtfolyo MCAS

**Objektif 4:** Ap gen yon redikasyon 50% nan oryantasyon disiplin pou moun ki patisipe nan pwogram nan.

**Endikatè:** Rapò disiplin elèv yo

## FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23691

Non Sibvansyon: Sibvansyon Kapital Konpetans Modènizasyon Laboratwa SCG

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Eta

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 15/11/2022 jiska 30/06/2024

Sous Finansman: Biwo Egzekitif Edikasyon Commonwealth of Massachusetts

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: James Poplasky

Adrès Moun K ap Ede a: 1 Ashburton St. 14<sup>th</sup> Floor Room 1403, Boston, MA 02108

Telefòn moun k'ap ede a: 617-352-9476

Imel moun k ap ede a: James.Poplasky@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Madison Park Technical Vocational High School

Jesyone Pwogram BPS la: Francesca Brangman

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Doktè Sidney Brown

### **Montan Total Rekonpans lan 1 000 000 \$**

Opsyon pou Repò a: Non, tout fon yo dwe itilize avan Jen 2024.

# elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: Sibvansyon sa ap sèvi yon minimòm 160 elèv lajounen Madison Park chak ane ak 48 elèv adilt BPS chak ane.

Sit yo: Laboratwa Menwizri ak Sèvis Soutyen ak Enfòmasyon ak Miz an Rezo (Information Support Services & Networking, ISSN) Madison Park Technical Vocational High School.

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Sou baz miza nivo ekipman nesese yo, divès kritè Kapital Konpetans ak aliyman avèk Plan Rejyonal Greater Boston pou endistri a demann elve yo.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo(si genyen): Boston Medical Center; Spaulding Rehabilitation Hospital Boston;

Kevin Cradock Builders, Inc. ak Tech Wave Group, LLC ak Depatman Edikasyon Adilt BPS.

Priyorite: Miza nivo ekipman nan de laboratwa sa yo aliye sou priyorite BPS pou garanti ke lakin yo avanse nan kesyon opòtinite ak reyalizasyon konble.

Objektif: Pou mete a nivo chak laboratwa pou asire elèv MP ak elèv adilt nan menwizri BPS resevwa yon fòmasyon sou ekipman rekonèt pa 21èm Endistri.

**Rezilta ki swete yo:** Pwojè MP 20 elèv nan menwizri ak 20 elèv nan ISSN fini pwogram yo chak ane avèk sètifika ak konpetans nesese pou rejwenn sektè menwizri yo oubyen sèvis soutyen ak enfòmasyon e ak rezotaj, rejwenn yon pwogram aprantisaj nan menwizri oubyen swiv yon pwogram etid pòs-segondè. Chak ane, 48 elèv edikasyon adilt pral jwenn fòmasyon nan atelye menwizri a epi kapab rejwenn sektè konstriksyon/menwizri a demann elve alafen.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Ogmante kantite senyò ki te fini avèk siksè pwogram Menwizri ak ISSN yo nan 2023 ak 2024.

Endikatè: Done sou obtansyon diplòm ak achèvmman pwogram

Objektif #2: Yon ogmantasyon kantite elèv Menwizri ak ISSN ki antre nan yon pwogram aprantisaj, rekrite nan yon youn oubyen lòt sektè oubyen yo enskri nan yon pwogram pòs segondè ki aliye sou sektè sa yo.

Endikatè: Done aprè remiz diplòm yo.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Domèn Konsantrasyon 1: Mete an èv yon pwogram ansèyman PK-12 enklizif, rigoure, ak kiltirèlman/lengwistikman dirab ki ap sèvi devlopman timoun an antye.

Domèn Konsantrasyon 2: Angaje elèv yo, fanmi yo, ak òganizasyon kominotè yo antan ke defansè ak patnè ekite, aksè ak rezilta pou tout elèv yo.

## FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23692

Non Sibvansyon: Sibvansyon UCCS Special Olympics/Lekòl Piblik Boston

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Non Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Jiyè 2022 - 30 Jen 2025

Sous Finansman: Special Olympics MA

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Patti Doherty

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Atletik

Jesyonè Fon BPS: Avery Esdaile

**Montan Anyèl Pri a 100 000\$ chak ane akò a**

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 300 000\$

Opsyon pou Repò a: non

# elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: 600-1000 pa ane

Sit yo: Sible 30 lekòl

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Inivèsite Massachusetts, Boston

### Deskripsyon Sibvansyon

#### Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Finansman sibvansyon pou lekòl k ap patisipe yo pou soutni mizannèw pwogram UCS yo, transpò evènman espesyal yo, tèren ak ekipman espòtif, inifòm yo, rekonpans yo, materyèl sansibilizasyon ak edikasyon, founiti pou kanpay Enklizyon, evènman espesyal/chanpyona espòtif yo, epi pwogram ak evènman devlopman lidèchip ki totalize a yon minimòm 100 000\$ chak ane akò a.

50% nan alokasyon

30% nan Transpò

17% nan Founiti

~3% nan Kou Endirèk

#### Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

**Objektif #1:** Kreye yon enklizyon plis entansyonèl elèv ki gen yon defisyans entèlekyèl ak otism gras ak sansibilizasyon e ak mizannèw Pwogram Unified Champion School nan BPS.

**Endikatè yo:** - pote kantite lekòl k ap patisipe yo nan pwogram sa nan yon minimòm 30 lekòl; konsève chak ane lekòl ane sou ane lekòl

**Objektif #2:** Kreye yon Lig Espò Inifye nan vil Boston ki pèmèt elèv ki gen ak san andikap entèlektyèl ak otism yo pou jwe nan yon espò pou lekòl pa yo nan nivo lekòl entèmedyè ak segondè yo.

**Endikatè yo:** Deplwaye yon lig baskètbòl inifye 4 a 6 semèn avèk divès antrènman ekip, divès match ak yon Jamboree fen sezon Ajoute yon espò adisyonèl tankou atletism nan lòt sezon amezi ke gen plis lekòl detanzantan ki ap enplike.

**Objektif #3:** Asire ke tout lekòl BPS yo gen yon lidèchip enklizif pou jèn yo ak divès opòtinite angajman nan tout lekòl la pou elèv yo kapab santi yo konekte ak kominote lekòl pa yo epi gen yon santiman apatenans.

**Endikatè yo:** Miz an plas divès Klèb Inifye ak/oubyen opòtinite pou lidèchip enklizif nan chak nivo lekòl; divès aktivite eskolè antye tankou semèn jantiyès, jounen newodivèsite ak semèn lekòl enklizif yo ki selebre tout elèv yo ak tout kapasite yo.